



U.S. Department of State

## Fòk ou konnen dwa'w

### Rele youn nan nimewo ki nan lis sa a si ou bezwen èd

Wap resevwa lis sa a paske ou aplike pou on viza nonimigran pou'w ka travay oswa etidye ozetazini pou on tan. Wòl lis sa a se pou fè'w konpran dwa'w leu'w rive ozetazini. Menm si'w pral viv ozetazini pou yon ti tan, wap genyen anpil nan dwa travay sitwayen ameriken oswa rezidan yo genyen. Lis sa a ba'w on rezime de dwa ou genyen nan travay ou. Lé'w konpran dwa'w, lap edew pwoteje tèt ou kont abi. Kenbe lis sa a sou ou lè'w rive ozetazini si'w bezwen rele on moun pou edew.

Yo te fè lis sa a tou, pou edew pwoteje tèt ou kont gwo abi tankou trafik moun. Trafik moun c on sòt de esklavaj modèn kote yon amplwaye oswa yon individu akoz de abi fisik oswa psikologik li sibi, fè ke moun sa a konpran li pa ka kite sitiayson li ye a. Si ou admèt ou nan yon sitiayson abi nan travay ou, se on premye pa pou jwen èd.

Si ou rive ozetazini epi ou gen pwoblèm nan travay ou, ou dwe chèche èd menm kote a. Pa koute patwon'w kap diw ke ou pa gen dwa ozetazini. Pa pran konsèy lalwa nan men patronw, sèl avoka'w ka baw konsèy sou lalwa.

Si ou santi yap vyole dwa 'w, nimewo ki nan lis la ap edew jwen òganizasyon tou prèw kap baw plis asistans ak enfòmasyon. Pa pè rele òganizasyon sa yo, yo la pou edew.

Lis sa a pa ranplase konsèy lalwa pote pou ou. Gen plizyè tip travay tanporè ak viza etidyan, ou pa gen dwa pè mande plis enfòmasyon sou viza ou genyen an.

**Si ou santi ke dwa'w pa respekte rele nan nimweo sa yo:**

National human trafficking ressource center nan  
1-888-373-7888  
(24 trè sou 24)

Trafficking in persons and worker exploitation task force complaint line nan  
1-888-428-7581  
(soti lendi rive nan vandredi soti 9 am rive 5h pm)

## Eske wap vini Ozetazini pou travay oswa pou etidye tanporèman ?

Nou konfyan ke sejou wap pase a ap interesan e anrichisan anpil. Men, si'w gen pwoblèm pandan sejou sa a, ou gen dwa e ou ka jwenn èd !

### Ou gen dwa pou:

- Yo tretew et peyew byen ;
- Pa rete nan on travay si'w pa vle ;
- Kenbe paspò'w ak lòt dokiman pou yo ka indantifye'w nan menw ;
- Fè on deklarasyon pou eksplike sak pase a ;
- Mande èd nan sendika yo, nan biwo migrasyon ki pwoteje dwa travayè ak moun ki rantre ak papye pou viv ozetazini oswa gwoup ouvrye ak lòt gwoup ;
- Ou ka menm mande jistik nan tribinal ki ozetazini.

Ou ka jwen eksplikasyon dwa sa yo ak lòt bagay nan fèy sa a.

**Si yo vyole dwa'w oswa si yo maltrete'w, rele nan nimewo sa yo:**

National human trafficking ressource center nan  
(24 trè sou 24)  
**1-888-373-7888**  
(Dirije pa yon òganizasyon non-gouvènmantal)

Trafficking in persons and worker exploitation task force complaint line nan  
(soti lendi rive nan vandredi soti 9 am rive 5h pm)

**1-888-428-7581**  
(Kouri pa Depatman lajistis)

**Si ou andanje e ou panse ou ka mouri, rele 911 menm kote a**



Pou plis enfòmasyon sou dwa ou genyen pou yo trete'w e peye'w byen, ale nan paj 5

Pou plis enfòmasyon sou dwa ou genyen si'w pa vle rete nan on travay si li-de'w pa diw, ale nan paj 7


Yo te kreye brochi sa a apati de Lwa Federal Ameriken, Lwa Piblik 110-457. Gouvènman Ameriken an te fè brochi sa a pou onore Otorite lalwa e pou fè respekte diyite tout moun ki vini nan peyi Etazini. Gouvènman Ameriken an pran angajman pou'l konbat trafik moun ak tout vyolasyon dwa pou travay.



## Pa blyye !!

### Gen mwayen pou pwoteje tèt ou :

- Kenbe paspò'w on kote ki si e ki sou lamen nenpòt lè'w ta gen bezwen ;
- Fè fotokopi paspò'w, viza'w ak kontra travay ou nan peyi'w kay fanmiw oswa kay zanmi'w.
- Toujou gen nimewo telefon anbasad peyi 'w la sou ou ;
- Kenbe brochi sa a sou ou pou ou ka itilize'l kòm referans on fwa ou rive Ozetazini ;
- Toujou make tout jou ak lè ou travay on kote epi kantite lajan yo peyew ak dat ou touche ; aprè sa, rele "The National Human Trafficking Resource Center Hotline nan 1-888-373-7888 (24 e) oswa 'Trafficking in Persons and Worker Exploitation Task Force Complaint Line nan 1-888-428-7581 (lasemèn soti 9vè nan maten rive 5è nan laprèmidi) si'w bezwen èd.



oswa nenpòt lòt moun deyò.

### Desepsyon ak manti:

Patwon yo ak moun kap ede yo a, kapab itilize mwayen ki pou fè'w dekoraje , oswa plen'w ak manti. Pa ekzanp,

- Yo ka fè'w fo pwomès sou kondisyon travay yo ak kondisyon ou pral viv yo e menm sou valè lajan ou pral touche.
- Yo ka di'w ke'w pap gen onkenn dwa e ke si wal eseye chèche èd, pa gen moun kap okipe'w. Yo gendwa menm fòse'w bay manti so idantite yo.

### 2. Kisa poum fè si bagay sa yo rive'm ?

- Si on bagay konsa rive oswa si'w andanje, chèche jwen èd menm kote a. Wap rele 911, The National Human Trafficking Resource Center nan 1-888-373-7888, oswa The Trafficking in Persons and Worker Exploitation Task Force Complaint Line nan 1-888-428-7581. Yo ka refere'w bay yon òganizasyon ki ede moun ki victim trafik moun nan zòn kote ou ye a.
- Si'w andanje, rele 911 pou'w ka jwen lapolis. Si'w rele polis la, montre yo brochi sa a e pale yo de abi ke yo te fè'w yo.

### 3. Eske yap depòte'm sim denonse moun ki fèm abi a?

Gen pwogram pou pwoteje moun ki te viktim de abi nou tap pale la a. Fò'w pa pè chèche èd menm si imigrasyon okouran. Liy dijans la ka ede'w jwen on moun ki ka ede'w.


- Si'w pense ke ou se on viktim trafik moun oswa on lòt krim ki pi grav, tankou vyòl, oswa si yo te eseye fè kadejak sou ou, ou gendwa gen lòt kategori viza nonimigran tankou viza T (pou moun ki victim nan afè trafik moun). Yo te kreye kategori viza sa yo pou pwoteje victim on seri de krim ki pè pou yo pa gen pwoblèm ak imigrasyon. Anpil moun pa abitye ak viza sa yo e ou ka pale de yo ak moun kap ede'w yo.

### 4. Ki Sèvis ki valab pou moun ki victim de trafik moun nan ?

- Si'w se on viktim trafik moun Ozetazini, ou ka gen dwa benefisyè kèk avantaj, sèvis, solisyon imigrasyon daprè pwogram biwo leta ayo.
- Plizye òganizasyon ka pèmèt ou jwen sèvis sa yo, tankou: asirans medikal, kote pouw rete, laswenyay pou dan, avoka pou imigrasyon epi lòt nesesite legal, asistans travay, ak benefis publik.

## Konsèy

Anvan ou pati pou'w ale Ozetazini, pale ak òganizasyon travayè émigré yo, pou'w ka gen non ak nimewo moun oswa òganizasyon ou ka kontakte si ou gen pwoblèm oswa kesyon lè ou ozetazini.



## TRAFIK MOUN

### 1. Kisa yo rele trafik moun?

Trafik moun nan se yon'n nan pi move abi travay on moun te ka jwen ozetazini. Nou ka pale de trafik moun lè yo chwazi on moun, transpòtel oswa kenbel kont volontel pou eksplwatasyon. Pou plis enfomasyon sou trafik moun, tanpri ale sou sit entènèt (ale sou legislation -Trafficking Victims Protection Act). Tout bagay nou pral site la yo se siy ki montre ke nou en afè ak trafik moun.

#### Menas ak laperèz :

Employers, and people who help employers, may use threats and other intimidating acts to make you and other workers feel too afraid to try to leave.

For example:

- Patwon yo ak anpil moun kap ede patwon yo ka fè menas ak lòt bagay ki pou fè ou menm ak lòt travayè pè kite travay la. Pa ekzanp, yo ka bat ou, yo ka menm fè kadejak sou ou.
- Yo ka fèmen'w on kote oswa fòse'w fè on seri de bagay ke ou pa vle.
- Yo ka menase travayè a oswa fanmi'l si lap eseeye kite travay la, oswa si'l di ke yap maltrete'l, si'l al fè rapò lapolis oswa si'l al chèche èd.
- Yo gendwa menm di ke yap depòte travayè a oswa arete'l.
- Lè patwon an oswa moun kap travay avè'l la, atake oswa menase lòt travayè kite eseeye ki te travay la, ki te pote plent, ki te fè rapò oswa kite eseeye chèche èd; moun say yo gendwa menm di travayè yo ke menm si yo sove yap jwenn yo kanmèm epi yap mennen yo tounen.

#### Règleman ak kontwòl:

Patwon yo ak moun kap ede yo a, ka itilize règleman ak kontwòl ki pou fè'w pa ka kite travay la fasilman si ou tal eseeye pote plent pou move tretman oswa chèche èd. Nou ka pran ekzanp:

- Rules against leaving the workplace, or strict rules about where you can go when not working;
- Règleman ki di ke fòk yo kenbe paspò'w, viza'w, batistè'w oswa lòt dokiman ki ka pèmèt yo idantifye'w.
- Yo ka refize ba'w manje, dòmi, laswenyay kay doktè ak on pakèt lòt bagay ankò.
- Yo ka anpeche'w e menm entèdi'w pale jan'w vle ak fanmi'w, lòt travayè,



## Nap fè on rezime de jan pou genyen yon viza nonnimigran

### Kisa on viza nonnimigran ye ?

On viza nonnimigran se on dokiman ke gouvènman ameriken an bay ki ka pèmèt on moun kap rantre ozetazini fè on demand kèlkonk ; pa ekzanp, pou travay oswa pou etidye.

Pou'w mande on viza nonnimigran, gen 2 etap enpotan pou'w rsepekte :

1. Aplike pou viza a nan anbasad oswa konsila Ameriken ki nan peyi'w la oswa nan peyi ki pi pre a;
2. Epi prezante viza a bay on inspektè imigrasyon lè'w rive Ozetazini.

### Konsèy !

Anvan ou vwayaje, nou konseye'w fè 2 fotokopi nan chak dokiman enpòtan ke ou genyen, tankou paspò'w (ak viza a), kontra travay ou e dokiman kap pèmèt yo idantifye'w. Aprè sa, wap bay on moun ke on fè konfyans kenbe yon nan kopi sa yo nan peyi. Lè'w rive Ozetazini e aprè yo fin ba'w kat I-94 la, fè fotokopi li si jamè ou ta pèdi oriijinal la. Kenbe tout dokiman sa yo on koti ki en sekirite.

#### Kisa ki enpòtan nan dokiman mwen yo?

1. Viza a. Li nan paspò'w la e li gen foto'w sou li ak tout dat ke lap ekspire. Si viza'w ekspire, ou pap ka rerantre Ozetazini sou menm viza sa a. Fòk li renouvel.
- Viza kap pèmèt ou travay la ap gen non moun ki ba'w travay la e ki pral ba'w sipò pou'w ka travay Ozetazini.
- Fò'w konnen ke viza travay la tanporè e li pa pèmèt ou travay nenpòt kote oswa pou nenpòt ki moun ou vle. Li pèmèt ou travay sèlman pou moun ke ou mete ou pral travay pou li a nan fòm ou te ranpli lè ou tap mande viza a. Men sa kon rive ke se pou on lòt moun ke w'al travay men sa pa kon fèt fasil.
- Sa pa vle di ke ou oblige rete travay si moun wap travay pou li a ap abize de ou oswa eksplwatew.
2. Kat I-94. Se Ti kat blan ke yo ba'w nan imigrasyon lè'w rive Ozetazini. Kat I-94 la montre konbyen tan yo pèmèt ou rete Ozetazini. **Pa janm pèdi kat sa a !**

### Konsèy !

Lè'w fin rive Ozetazini, kenbe paspò'w ak lòt dokiman vwayaj ou on kote ki en sekirite e ki aksesib nenpòt kilè'w ta gen bezwen ! Se yon akt ilegal si moun wap travay pou li a sezi paspò'w !



## Fò'w kon dwa'w kote wap travay Ozetazini an:

Gen plizyè lwa ki ka pwoteje'w si'w gen yon nan kategori viza nou pral site la yo:

### A-3, G-5 ak B-1 ki se viza pou moun kap travay lakay ou (domestik)

- Si wap travay kay on diplomat (viza A-3) oswa kay on reprezantan on òganizasyon entènasyonal (viza G-5), oswa si ou se on domestik ki gen on viza B-1, moun wap travay avèl la dwe ba'w on lèt travay ki konfòm ak lalwa amerikèn.
- Kontra a dwe gen enfòmasyon sa yo ladanl :
  - Yon akò ki montre ke moun ou pral travay avèl la pap kenbe ni paspò'w, ni lèt travay la ni lòt afè pèsonèl ou ;
  - Yon akò ki montre ke moun wap travay avèl la respekte tout lwa Ozetazini.
  - On kote ki eksplike konbyen kòb ou pral touche pou travay ou pral fè epi konbyen fwa wap touche ;
  - Deskripsyon travay ou pral fè a, konbyen èdtan wap travay pa semèn, konje, konbyen jou konje maladi ak vakans ou pral genyen.
- Toujou asire'w ke ou konpran kondisyon ki nan kontra a. Si ou pa ka konpran lang yo ekri kontra a, mande on moun ke ou fè konfyans lil epi tradwil nan lang paw. **Pa siyen anyen ke ou pa konpran !**
- Lè wap aplike pou viza a, yon konsil ameriken ap pran on randevou avè'w e ap konfime si wi ou non kontra'w la konfòm ak lalwa amerikèn. Pa pè poze konsil la kestyon'w vle. Moun ou pral travay avèl la pa dwe la lè wap rankontre konsil la.
- Si'w siyen on kontra ki vyole dwa'w genyen oswa si moun wap travay avèl la pa respekte kontra a, rele nimewo ki sou brochi menm kote a. Yo ka ede'w jwen on avoka ki ka eksplike dwa ke ou genyen nan sitiyasyon sa a.

### Viza H-1B ak viza H-1B1 pou pwofesyonèl al travay tanorèman

- Si'w se on pwofesyonèl oswa on mannken ki pral travay Ozetazini, ale sou pou'w ka gen plis enfòmasyon ki gen rapò ak dwa'w ak fasilité pou chanje travay.

### Viza H-2A pou moun ki pral travay latè tanporèman

- Si'w pral travay latè Ozetazini, ou sipoze resevwa on kopi kontra travay ou depi premye jou ou komanse travay la. Dokiman sa a dwe genyen tout enfòmasyon sou benefis ke wap genyen, salè'w, kote wap rete, konbyen tan travay la ap dire e mwayen transpò travay la ap ofri.



– Patwon an dwe diw kibò ak kilè yo flite pestisid la, pou evite aksidan ki ka danjere pou ou. Travayè ak lòt moun pa gen dwa nan zòn kote yap mete pestisid.

– Si'w melanje oswa ap sèvi ak pestisid ki mande proteksyon (tankou salopèt, mask, oswa respiratè), patwon an supoze ba ou ekipman ki pwòp e an bon eta.

- **Ijans:** si gen ijans, rele **911** epi mande pou yon anbilans.

- Anyen pa sou kont ou, donk ou sipoze di patronw sa bonè pou li kapab depoze papye'w yo.
- Lè'w kay dokteu a, oswa nan klinik la, mande kopi papye ki gen enfòmasyon sou maladiw la.

### 6. Se dwa'w pou ou rantre nan yon sendika

- Sòf kèk eksepsyon, tout amplwaye ozetazini gen dwa fòme oswa rantre nan yon sendika, men sa pral depann de stati imigrasyon yo, anba lwa federal. Patwon'w pa gen dwa fè anyen kont ou si ou fè sa. Sa vle di ke'w ka:
  - Met ansanm ak lòt amplwaye pou ogmante salè yo ak amelyore kondisyon travay yo.
  - Patisipe nan diskou publik, rasambleman, demonstrasyon epi antre nan lòt sendika, oswa gwoup travayè.

### 7. Se dwa'w pou'w gen plis proteksyon daprè lwa federal

- Rele nimewo ou wè nan lis sa a, pou'w ka gen referans òganizasyon ki kapab ba'w plis enfòmasyon nan eta wap travay la.

### 8. Se dwa'w pou kite on travay si yap maltrete'w

- Ou pa oblige rete nan travay la si patron'w ap fèw abi
- Men si'w ale ozetazini ak yon visa travayè epi ou kite patron an, viza'w la pap valid ankò. Men sa depann de tip viza ou genyen an, wap kapab chanje kategori viza a oswa patwon. Ou kapab rete ozetazini legalman pou pote
- Ou kapab pote plent oswa voye patwon an lajistik pandan ou nan travay la toujou. Gen gwo sanksyon kont patron ki ap esaye pini travayè paske yap defann dwa yo.
- Si ou gen pwoblèm ak patwon'w, rele nimewo ou wè nan lis la. Yap kapab fèw pale ak yon moun ki ap ka ba'w enfòmasyon sou opsyon ou genyen.

**Konsèy!**

Ou gen dwa ozetazini e pèsou  
pa ka pran dwa sa yo nan  
menw, gen plis ke 100 òganiza-  
syon ki ka ede'w. Pa pè mande  
èd pou pwoteje dwa'w.

## gen dwa pou yo tretew on lòt jan oswa pou yo trete'w mal nan travay la

- Akoz sèks ou, ras, nasyonalite'w, koulè'w, reliyon'w oswa defòmasyon.
- Patwon an dwe peye chak travayè ki ap fè travay la, menm kantite lajan an, epi ofri yo chak menm opòtinite kèlkeswa sekz, ras, nasyonalite, koulè, reliyon oswa defòmasyon yo genyen.
- Patwon an pa gendwa fòse'w pale anglè sèlman nan travay la, sòf si gen on bagay impòtan ki mande ou pale lang nan.

## 4. Dwa on travayè fi

- Patwon an pa gen dwa trete'w on lòt jan ou byen mal paske ou se yon fi, oswa paske'w ansent -sa rele diskriminasyon seks, kit ou se on fi oswa on gason, **patron an pa gendwa file'w ni manyen'w**. Patwon an pa gen dwa janm:

- mande'w fè bagay avèl
- manyen'w on kote li pa dwe manyen'w, oswa
- diw pawòl ki pou fè'w mal

## 5. Se dwa'w pou'w nan on travay sen e an sekirite

- Tout amplwaye, dwe travay on kote pwòp et ki gen sekirite
  - **Lojman**: si patwon an ba ou kote po'w dòmi, li dwe pwòp, gen sekirite ak on estrikti solid
  - **Twalét**: twalét yo dwe pwòp et fasil pou itilize
  - **Dlo potab**: si wap travay nan agrikilti, nan prèske tout ka yo, ou gen dwa pou resevwa dlo potab pou bwè ak lave menw
  - **Maladi oubyen aksidan nan travay**: si ou fè yon aksidan oswa ou malad nan travay la, wap bezwen laswenyay nan men doktè. Nan prèske tout ka, wap recevwa tretman gratis, ak mòso nan kòb ou a pandan tan sa a.
- Si wap travay kote ki gen pestisid oswa kote ki gen pwodi chimik:
  - Ou gen dwa pou lave menw ak dlo pwòp lè ou fin manyen pwodi sa yo. Yo sipoze antrenew sou danje ak prekosyon pou pran ak pestisid pandan 5 premye jou travay yo.

## Konsèy!

Fè epi kenbe on rapò de tout sa patwon an fè'w oubyen di kont ou, epi ekri non ak nimewo telefòn temwen yo si genyen.

- Ou gen dwa gen on salè ki nan nivo oswa pi wo ke salè gouvenman an etabli a. Lajan ke Leta ameriken di pou yo peye'w la, li valab ni pou travay ke yo peye'w pa èdtan ou fè ni pou kantite travay ou fè a. Se menm kob la pou tou lède.
- Ou pa sipoze bay moun kap chèche moun pou travay nan peyi'w lajan.
- Moun wap travay ave'l la dwe ba'w on kote ki pwòp e ki an sekirite pou'w rete san' l pa mande'w lajan pou sa.
- Moun wap travay ave'l la dwe remèt ou lajan transpò soti nan peyi'w rive kote wap travay la. Men sa a valab sèlman lè ou fin koutri mwatye peryòd kontra a ; lè kontra a fini, fòk moun wap travay ave'l la peye frè vwayaj yo lè wap tounen nan peyi'w.
- Ou sipoze travay au mwen mwatye nan jou ou siyen nan kontra a, amwen ke on travayè ameriken te deplase'w pandan premye mwatye kontra a.

## Viza H-2B, ki se on viza travay men pou moun ki pa pral travay latè tankou moun ki pral fe menaj, oswa moun ki pral travay sou chantye

- Si'w se on travayè tanporè e ki pap travay latè, ou gendwa touche salè minimòm oswa on ti kras pi plis. Kantite kòb sa a valab ni si wap touche pa è ni si wap touche pou kantite travay ou fè a.
- Patron'w dwe peye frè vwayaj yo lè wap tounen nan peyi'w si kontra a fini oswa si yo revoke'w anvan sa pou on rezon kelkonk.
- Ou gen dwa a menm kondisyon travay ke lòt ouvrye ameriken kap travay nan zòn nan.
- Fò'w pa janm bay moun kap chèche moun pou travay nan peyi'w lajan.

## Viza J-1 pou moun ki pral fè estaj Ozetazini

- Si se pa gouvenman federal la ki peye pou pwogram echanj sa a, pwogram nan dwe dire 3 semèn pou pi piti. Kategori ak dat pwogram nan make sou fòm DS-2019 la, ki se on dokiman necesè lè wap aplike pou on viza kategori J. Dokiman avèk/oswa kontra ki koutri kondisyon pou patisipe nan echanj sa a pral depann de kategori de kategori echanj la.
- Enfòmasyon sponsò'w la ap bay yo sipoze klè e fòk yo ka ekzplike tout kòb pwogram nan ap koute, kondisyon ak restriksyon ki genyen nan pwogram nan. Sponsò'w la sipoze oryente'w e ba'w enfòmasyon sou.
  - Pwogram J-1 an ak tout on deskripsyon sou règ pwogram wap patisipe ladan'l la ;
  - Vwayaj ak lè wap rantre Ozetazini ;

## ATANSYONI

Patwon'w la pa gen dwa fòse'w pou'w fè on bagay oswa ale on kote, menm si wap retounen nan peyi'w san li pa peye'w.

- Kote'w pral rete a ;
  - Frè ak depans, tankou depans wap fè chak jou, kay doktè ak asirans ;
  - Jan Ameriken yo viv ;
  - Richès lokal ;
  - Adrès sponsò'w la ak non epi nimewo telefòn moun kap responsab ou a Ozetazini ;
  - Enfòmasyon sou pwogram nan echanj la avèk brochi ki pale de pwogram sa a ;
- Si wap rantre Ozetazini pou patisipe nan pwogram vakans yo, e ke ou pa gen travay, sponsò'w la sipoze ede'w chèche on travay si'w pat gentan jwenn yon'n aprè premye semèn ou te rive Ozetazini a. Fòk li asire'l ke wap resevwa menm kòb ak menm benefis ak sa ke yo ofri travayè ameriken yo.
  - Si Viza J-1'w la se pou on trening oswa on pwogram estaj
    - Sponsò'w la sipoze poze'w kestyon yo en fa sou, nan telefòn oswa ak on kamera ke yo itilize sou entènèt.
    - Sponsò'w la sipoze gen on plan pou pwogram trening ak estaj yo (fòm DS-7002) anvan ke li remèt dokiman ki gen rapò ak demand viza'w la. Nan fòm sa a, wap jwen on kote ki make konbyen kòb wap touché epi ak tout rezime pwogram nan.
    - Sponsò'w la sipoze ba'w on rapò sou depans ak frè wap gen pou'w peye epi konbyen kòb aperèr wap bezwen pou'w kenbe nan pòch ou.
    - Trening la oswa estaj la sipoze dire 32 èdtan pou pi piti ;
    - Si trening la oswa estaj wap fè a se sou agrikilti, kondisyon travay ak kòb wap touche a dwe respekte kondisyon ki en plas pou moun kap travay latè yo.
  - Sponsò'w la sipoze asire'l ke ou gen asirans medikal, menm si se pa li ki pral peye pou sèvis sa a.
  - Si wap travay Ozetazini, se ou ki pou aplike e pou recevwa nimewo sekirite sosyal ou, e patron'w dwe fè on rapò si'w pa peye taks aprè ou fin gen nimewo sa a.
  - Si wap rantre Ozetazini ak mari'w oswa timoun piti sou viza J-2' w la, yo ka aplike pou on travay si sa wap touche a trò piti pou okipe nou tout.

Pou plis enfòmasyon konsènan kategori viza ki genyen e sou pwose-di pou'w ka rantre Ozetazini, ale sou sit entènèt :

[www.Travel.State.gov](http://www.Travel.State.gov)

## Dwa ou genyen kèlkeswa kategori viza ou genyen an

Kèlkeswa kategori viza ou genyen an, fò'w konnen ke ou gen dwa. Si yon nan dwa sa yo pa respekte, ou kapab denonse sa nan nenpòt ki ajans gouvènman ameriken ki okipe yo de bagay sa yo. Ou ka menm rele moun sa yo lajistik pou'w ka eseye jwenn sa'w pèdi yo, san ke'w pa pè sibi onkenn pinisyon.

### 1. Se dwa'w pou ou reyaji kont sa yap fè'w la :

- Li kont lalwa si patron'w ap eseye pini'w tankou si li di ke lap rele imigrasyon oswa lapolis pou ou si wap eseye defann dwa'w. Depi patron'e menase'w, chèche èd menm kote a. Pa blyie, sekirite's anvan tout bagay !

### 2. Se dwa'w pou yo peye'w :

- Se dwa'w pou yo peye'w pou tout travay ou fè a, menm jan avèk nenpòt ki travayè ameriken.
- Se dwa'w pou'w touche salè minimòm nan ki se \$ 6,55 pa è epi \$7,25 pa è apati 24 jiye 2009, menm jan ak travayè ameriken yo.
  - Li enpòtan pou'w konnen konbyen kòb salè minimòm nan ye nan eta kote wap travay la. Si kòb la plis, se dwa'w pou yo peye'w valè ki pi wo a.
  - Kontra travay ou a tou ka oblige patron'w peye'w valè ki pi wo a ;
- Anpil travayè Ozetazini gendwa pou yo touche on fwa edmi sa yap touche a lè yo travay en plis oswa nenpòt kilè yo travay plis ke 40 tè pa semèn. Pa ekzanp, si wap touche \$10 pa è, patron'w sipoze peye'w \$15 pou chak èdtan ou fè ap travay en plis de 40 tè nan semèn nan.
- Si patwon'w pran kòb sou ou, sa rele on dediksyon. Anpil dediksyon ilegal paske yo diminye kòb wap touche a. Pa ekzanp, yon patron pa sipoze retire kòb sou ou pou kote li ba'w pou'w dòmi a (pou kèk kategori viza, kote wap dòmi a sipoze gratis), pou inifòm, ekipman sekirite oswa frè pou yo ba'w travay la.

### 3. Yo pa gen dwa fè diskriminasyon kont ou. Antan ke yon anplwaye, yo pa

**Konsèy !**

Toujou asire'w ke ou fè on rapò ekri pou tout lè ou travay yo. Achte on kaye epi ekri tout jou ak lè ou travay yo, konbyen kòb yo peyew, jou ke yo peyew yo, si yo pran lajan sou chèk ou, ak rezon kifè yo pran kòb sou yo.